

News Release



New Jersey Courts

Independence • Integrity • Fairness • Quality Service

GLENN A. GRANT, J.A.D.

Acting Administrative Director of the Courts

For more information contact:

PETER McALEER

MARYANN SPOTO

Office of Communications and Community Relations

609-815-2910

www.njcourts.gov

RICHARD J. HUGHES JUSTICE COMPLEX • P.O. BOX 037 • TRENTON, NJ 08625-0984

Difizyon Imedya: 16 septanm, 2021

Sistèm jidisyè Noudjèze siprime plis de 360,000 Enfraksyon Marigwana

Sistèm Jidisyè Noudjèze siprime plis de 362,000 dosye marigwana ak hashish de dosye tribinal yo depi Lwa pou Dekriminalize Marigwana a te rantrè an rigè le 1ye jiyè.

Tout ka elijib yo siprime otomatikma pa sistèm jidisyè a. Yon fwa yon dosye siprime, yo retire l de rejis piblik tribinal epi ou pa gen pou rapòtel sou demann travay yo, lojman oswa admisyon nan inivèsite yo.

Plis de 1,200 endividi lage de libète pwovizwa aprè yo siprime dosye yo.

Tout manm piblik a, oswa avoka yo, kab prezante nan tribinal kote yo te tande dosye a oswa nan Biwo Grefye Tribinal Siperyè Trenton la pou resevwa yon sètifika ki di ke ka yo siprime. Sistèm jidisyè a emèt plis de 2,800 sètifika jiska dat jodiya.

Tout dosye ki kalifye pou siprime yo gen ladann yo sèten akizasyon marigwana oswa hashish poukont yo oubyen an konbinezon ak sak swiv yo: posesyon akseswa dwòg; izaj oswa sou enflyans yon sistans kontwole oubyen danjre; oubyen dispozisyon ilegal de yon sistans kontwole oswa danjre.

Tout dosye ki gen pou wè ak akizasyon ki pa elijib daprè nouvo lwa pap siprime. Moun ki panse ke dosye ta fèt pou konsidere pou sipresyon daprè nouvo lwa a kab depoze yon petisyon pou revizyon jidisyè.

Biwo Administratif Tribinal la pral lanze yon kanpay sansibilizasyon le 20 septanm pou enfòmè piblik la de tout opòtinite ki disponib yo atravè Lwa Dekriminalizasyon Marigwana a.

Pou plis enfòmasyon, ale sou njcourts.gov/marijuana

###